

Sant Mobil Retablisman apre Katastwòf Louvri nan Konte Franklin

Release Date: Oktòb 21, 2024

TALLAHASSEE, Fla. – FEMA te Ouvri yon Sant Mobil Retablisman apre Katastwòf nan Konte Frankin pou bay èd youn pa youn bay Rezidan Florida yo ki afekte akòz siklòn Helene nan. Sivivan nenpòt nan tanpèt yo ka vizite nenpòt sant.

Sivivan yo **pa** bezwen vizite yon sant pou yo aplike pou asistans. Nou ankouraje sivivan yo pou yo aplike anliy nan [DisasterAssistance.gov](https://www.disasterassistance.gov) oswa lè yo itilize [FEMA App](https://www.fema.gov/mobile-app). FEMA pa distribye lajan kach nan Sant Retablisman apre Katastwòf yo.

Adrès Sant lan:

Konte Franklin (Sant Mobil)

Depatman Ponpye nan Alligator Point

101 Tom Roberts Road

Alligator Point, FL 32346

Orè: 8è nan maten jiska 4:30nan apre midi soti Lendi pou rive Mèkredi jiska 23 Oktòb 2024.

Lè yo deplase sant sa a pou mete l nan yon nouvo lokal, y ap bay piblik la detay sou sa.

Pou w ka jwenn adrès lòt sant ale nan [fema.gov/drc](https://www.fema.gov/drc) oswa voye tèks “DRC” ak yon Kòd Postal nan 43362. Tout sant yo aksesib pou moun ki gen andikap oswa bezwen ki bezwen aksè ak fonksyonèl epi yo ekipe ak teknoloji asistans.

Nou ankouraje pwopriyetè kay ak lokatè yo pou yo aplike anliy nan [DisasterAssistance.gov](https://www.disasterassistance.gov) oswa lè yo itilize [FEMA App](https://www.fema.gov/mobile-app). Ou ka aplike tou nan telefòn nan **800-621-3362**. Si w chwazi aplike nan telefòn, nou swete w konprann tan atant yo ka pi long akòz volim apèl yo ki ogmante apre plizyè katastwòf ki sot pase yo. Liy telefòn yo ouvri chak jou epi gen èd ki disponib nan majorite lang yo. Si w ap itilize yon sèvis relè, telefòn ki gen soutit oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo w



FEMA

Page 1 of 2

pou sèvis sa a. Pou w gen aksè ak yon videyo sou fason pou w aplike pou w jwenn asistans, ale sou [FEMA Accessible: Aplike pou Asistans Endividyèl - YouTube](#).

Pou w ka jwenn dènye enfòmasyon sou retablisman apre Siklòn Milton nan, vizite fema.gov/disaster/4834. Pou w ka jwenn enfòmasyon sou retablisman apre siklòn Helene nan, vizite fema.gov/disaster/4828. Pou w ka jwenn enfòmasyon sou retablisman apre siklòn Debby a, vizite fema.gov/disaster/4806. Swiv FEMA sou X sou x.com/femaregion4 oswa sou Facebook sou facebook.com/fema.



FEMA

Page 2 of 2